

# DISTRI LEKÒL PHILADELPHIA

## GID ENSKRIPSYON POU ANE AKADEMIK LAN

### Apèsi:

Lè yon elèv aplike pou admisyon nan nenpòt lekòl, lekòl la vin gen yon responsablite pou fè enskripsyon an si elèv la ap vin nan liy limit yo, oswa lekòl vin gen responsablite pou jwenn enfòmasyon egzat sou ki kote elèv la ta dwe aplike.

Elèv rezidan yo gen yon dwa legal pou ale lekòl jouk lè yo gen laj 21 ane, sof si yo patisipe nan yon pwogram jiska gradyasyon yo oswa si yo te mete yo deyò nan lekòl la pou yon rezon valab. Poutèt sa, elèv ki vle retounen lekòl dwe jwenn pèmisyon pou yo enskri oswa re-enskri nan klas lajounen regilye.

### Metòd yo:

Apati kounye a, metòd ki endike annapre a te ranplase tout metòd ak pratik anvan yo konsènan pwosesis enskripsyon nan pwogram lekòl Distri Lekòl Philadelphia.

Yon timoun ta dwe jwenn pèmisyon pou ale lekòl nan pwochen jou lekòl apre jou timoun nan prezante pou enskripsyon, epi nan tout ka yo nan senk (5) jou ouvab apre lè distri lekòl la resevwa enfòmasyon ki obligatwa yo. 22 Pa. Kòd §11.11(b).

### Enfòmasyon nou mande yo:

Nan efò Distri a ap fè pou toujou bay yon anviwònman ki pwoteje pou elèv yo, lekòl yo ka mande sa ki endike anba la a:

- Yon kopi idantifikasyon paran/responsab legal la ki gen foto nan moman enskripsyon an. Y ap kenbe kopi sa a nan dosye pou verifye idantifikasyon moun ki gen otorizasyon pou akonpaye timoun nan pou fè ale-vini nan lekòl la.
- Answit, lekòl la ka mande dosye egzamen sante oswa fizik, dosye akademik, dosye prezans, Pwogram Ansèyman Endividyèl, ak lòt dosye edikasyon espesyal yon fason pou yo kapab mete elèv la nan nivo/salklas apwopriye avèk nivo sipò apwopriye.

Tanpri sonje: Menmsi lekòl yo ka mande nenpòt nan enfòmasyon sa yo, yo pa ka egzije yo kòm yon kondisyon pou enskripsyon oswa admisyon yon timoun, epitou yo pa ka mete reta nan enskripsyon oswa prezans yon timoun jouk lè yo resevwa dokiman sa yo. Lekòl ka fè suivi avèk paran/responsab legal pou enfòmasyon sa yo apre timoun nan enskri nan lekòl la.

### Dokiman ki Obligatwa yo

#### 1) *Prèy laj timoun nan (Youn nan dokiman ki anba la yo obligatwa)*

Kèk nan dokiman akseptab yo se (*sa ki anba la yo se kèk egzanz epi yo pa yon lis final*):

- Batistè orijinal timoun nan
- Kopi notarye batistè timoun nan
- Paspò valab timoun nan,
- Sètifika batèm orijinal la ki endike dat timoun nan fèt
- Kopi dosye batèm nan – ki notarye oswa ki sètifye kòm sadwa epi ki montre dat timoun nan fèt
- Deklarasyon notarye paran oswa lòt manm fanmi ki endike dat timoun nan fèt
- Dosye lekòl anvan ki endike dat timoun nan fèt

#### 2) *Dosye Iminizasyon (Youn nan sa ki anba la yo obligatwa)*

Men kèk nan dokiman nou aksepte yo:

- Dosye vaksinyasyon timoun nan,
- Yon deklarasyon ekri ki sòti nan ansyen distri lekòl la oswa ki sòti nan klinik medikal ki endike yo te bay vaksen yo, oswa ki endike y ap elèv la yon seri vaksen ki obligatwa,
- Garanti vèbal ansyen distri lekòl la oswa garanti vèbal yon klinik medikal ki endike yo te bay elèv la vaksen obligatwa yo, avèk dosye y ap bay.

# DISTRI LEKÒL PHILADELPHIA

## GID ENSKRIPSYON POU ANE AKADEMIK LAN

### Egzanpsyon pou iminizasyon

(a) *Egzanpsyon medikal.* Timoun yo fèt pou iminize si yon doktè oswa yon pwofesyonèl swen sante ki ranplase doktè bay yon deklarasyon alekri ki endike iminizasyon an ka pa bon pou sante timoun nan. Lè doktè a detèmine iminizasyon an p ap bay pwoblèm ankò pou sante timoun nan, timoun nan fèt pou iminize dapre sou-chapit sa a.

(b) *Egzanpsyon pou relijyon.* Timoun yo pa bezwen iminize si paran an oswa responsab legal oswa timoun ki emansipe pa dakò alekri pou iminizasyon an akòz rezon relijye oswa akòz yon gwo konviksyon moral oswa etik ki sanble ak kwayans relijye a.

Tanpri sonje: Si yon elèv fèk kòmanse yon seri vaksen pou chak kalite vaksen, elèv sa a ka enskri. Elèv la fèt pou nan pwosesis la epi pou kontinye avèk kalandriye serye a (pa egzanp, elèv fèk pran premye vaksen an epi li pral pran dezyèm vaksen an nan trant jou apre premye vaksen an). Tanpri [klike la a](#) pou wè Egzijans Iminizasyon Philadelphia Depatman Pwogram Iminizasyon Divizyon Kontwòl Maladi Depatman sante pou Antre nan Lekòl.

### 3) *Prèv Adrès (sèlman (Sèlman de (2) nan sa ki anba la yo obligatwa)*

Men kèk nan dokiman nou aksepte yo: *Lekòl yo ta dwe fleksib nan verifye adrès kay yo, epitou yo ta dwe konsidere ki enfòmasyon ki rezonab konsènan sityasyon fanmi yo.*

- |  |   |
|--|---|
| 1. Dokiman notarye   | 10. Kat idantifikasyon DOT ki valab   |
| 2. Papyè akò prè ipotekè   | 11. Dènnye bòdwo kat kredi  |
| 3. Dènnye bòdwo sèvis piblik (gaz, kouran elektrik, kab, telefòn)  | 12. Dènnye anrejistreman veyikil  |
| 4. Dènnye bòdwo taks kay la  | 13. Kat Elektoral ki montre adrès kay la nan moman an   |
| 5. Lisans chofè ki valab oswa kat chanjman adrès ki gen dènnye adrès la  | 14. Dènnye etadkont labank ki gen dènnye adrès la   |
| 6. Lèt ki sòti nan Biwo Sekirite Sosyal epi ki gen dènnye adrès la   | 15. Etadkont IRS oswa lòt etadkont salè ak taks, pa egzanp, W2, 1040, 1099                                |
| 7. Lèt ki sòti nan Biwo Asistans Piblik epi ki gen dènnye adrès la   | 16. Dènnye Souch Chèk Peman Patwon ki montre dènnye adrès la  |
| 8. Lèt ajans plasman timoun/gadri ak DHS akseptab tou pou enskripsyon lè elèv la nan swen yon ajans plasman pou adopsyon/gadri | 17. Lèt plasman nan abri oswa lèt ki konfime ou gen yon adrès akseptab pou elèv ki sanzabri yo            |
| 9. Papyè orijinal afèmaj ki gen non (yo) paran/responsab legal ak timoun yo  | 18. Kontra lavant kay ki siyen epi kopi orijinal papyè aranjanman nan 45 jou apre aranjanman an vini apre |

### 4) *Deklarasyon Paran an konsènan Enskripsyon an (Ki nan Fòm Enskripsyon Elèv EH40 lekòl la bay)*

Ou dwe bay yon deklarasyon sou sèman ki konfime si yo te sispann elèv la oswa si yo sispann elèv la oswa si yo mete li deyò pou zak ki gen pou wè ak dwòg, alkòl, zam, si elèv la lakòz moun pran chòk oswa si li fè vyolans nan lekòl la pou yon elèv jwenn admisyon li nan nenpòt distri lekòl. 24 P.S. §13-1304-A. Yon lekòl pa ka refize oswa retade enskripsyon yon elèv nan lekòl la akòz enfòmasyon ki nan yon dosye disiplinè oswa yon deklarasyon alekri. Men, si yo mete yon elèv deyò nan lekòl la pou zak ki gen pou wè ak zam, lekòl la kapab bay elèv la lòt kalite sèvis edikasyon pandan peryòd yo mete elèv la deyò a. 24 P.S. § 13-1317.2(e.1) Si dosye disiplinè a oswa deklarasyon sou sèman an endike yo te mete elèv la deyò nan yon lekòl pou rezon ki pa zak ki gen pou wè ak zam, li rekòmande pou lekòl la revize pèfòmans elèv la anvan epitou pou lekòl la detèmine sèvis ak sipò yo dwe bay elèv la lè li enskri nan distri a.

### 5) *Sondaj konsènan Lang yo pale nan Kay (Ki nan Fòm Enskripsyon Elèv EH40 lekòl la bay)*

Tout elèv k ap chèche enskri pou premye fwa nan yon lekòl la dwe resewa yon sondaj konsènan lang yo pale nan kay dapre egzijans Biwo pou Dwa Sivil Depatman Edikasyon Etazini. Enskri elèv la pa ka pran reta pou yo kapab bay Sondaj konsènan Lang yo pale nan Kay.